



**PWOGRAM LIVING IN COMMUNITIES  
(VIV NAN KOMINOTE, LINC) NIVO I, II, IV AK V  
PWOTOKÒL AKÒ PWOPRIYETÈ**

**Non Pwopriyetè a:** \_\_\_\_\_

Daprè Pwogram LIVING IN COMMUNITIES (VIV NAN KOMINOTE, LINC) (“Pwogram lan”), Vil New York (“Vil la”) peye pwopriyetè yo dirèkteman yon pòsyon nan lwaye mansyèl pou apatman yo (“Peman Lwaye LINC”) sou non kliyan elijib la k ap patisipe nan Pwogram LINC (“Lokatè nan Pwogram lan”). Lokatè nan Pwogram lan responsab pou peye mwen, Pwopriyetè a, yon kontribisyon nan lwaye mansyèl la pou kouvri yon pòsyon nan lwaye a, dapre Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanchè Kontra Lwaye a, ki pa kouvri ak Peman Lwaye LINC la ak alokasyon èd piblik pou abri, si genyen.

**Kòm yon kondisyon patisipasyon mwen nan Pwogram LINC la, mwen pran angajman sa yo:**

1. Mwen konprann ke mwen pral siyen yon kontra kay pou yon lane ak yon Kontra Lwaye Estanda LINC nan fòm ki nan Anèks kòm Prèv A, ke mwen pa gen dwa ekspresman chaje Lokatè mwen nan Pwogram lan nenpòt montan ki depase lwaye a oswa frè ki presize nan Dokiman Siplemanchè Kontra Lwaye a pou tout peryòd Kontra Lwaye a, kèlkeswa chanjman nan konpozisyon fanmi Lokatè nan Pwogram lan, epi yo entèdi presizeman “akò sou kote”. Mwen konprann si mwen pa respekte angajman sa a, anplis nenpòt rekou Lokatè nan Pwogram lan kapab gen, Vil la ap gen dwa pou entèdi mwen kontinye patisipe nan nenpòt pwogram asistans Vil la pou lwaye. Mwen konprann ke rekou ki disponib pou Lokatè nan Pwogram lan ka gen ladan dwa pou fè rekouvremant domaj ak enterè epi, si kontra lwaye a se pou yon apatman ak pri lwaye stab, Lokatè nan Pwogram lan ka gen dwa pou double domaj yo.
2. Mwen konprann se mwen sèl ki responsab pou bay chofaj ak dlo cho san okenn frè anplis pou Lokatè nan Pwogram lan, malgre nenpòt dispozisyon ki endike nan Kontra Lwaye a, epi malgre enstalasyon chofaj apa oswa inite dlo cho nan Apatman an.
3. Mwen dakò pou bay Lokatè nan Pwogram lan kle apatman an nan moman siyati kontra lwaye a.
4. Mwen rekonèt ke Lokatè nan Pwogram lan responsab pou kontribye ak yon montan Vil la deside pou bay lwaye chak mwa a, ak peye montan sa a mwen menm, Pwopriyetè a, chak mwa epi montan sa ap rete menm jan pou dire kontra lwaye a. Sizoka yo renouvle Kontra Lwaye a pou ane annapre yo, y ap tou ajiste montan kontribisyon mansyèl Lokatè nan Pwogram lan ak Peman Lwaye LINC la dapre kondisyon Pwogram lan, epi y ap enfòmè Pwopriyetè a sou sa. Sizoka yo pa renouvle Lokatè nan Pwogram lan pou yon dezyèm ane oswa pou nenpòt ane annapre nan Pwogram lan, y ap enfòmè Pwopriyetè a sou sa tou.
5. Mwen rekonèt si Lokatè nan Pwogram lan kite Apatman an akòz yon degèpisman oswa demenajman, mwen menm, Pwopriyetè a, ap avèti Vil la. M ap fè sa alekri nan LINC Rental Assistance Programs, 150 Greenwich Street, 36th Floor, New York, NY 10007 nan senk (5) jou ouvrab oplita epi m ap voye tounen ba Vil la nenpòt Peman Lwaye LINC ki te fèt davans.
6. Mwen rekonèt si yo kòmanse nenpòt pwosè lajistis k ap afekte lokasyon oswa Dokiman Siplemanchè Kontra Lwaye Pwogram LINC lan, se mwen, Pwopriyetè a, ki dwe bay avi alekri sou pwosè lajistis la nan senk (5) jou ouvrab oplita depi evènman sa te rive. Yo dwe voye avi alekri a pou evènman sa nan LINC Rental Assistance Programs, 150 Greenwich Street, 36th Floor, New York, NY 10007.

7. Mwen garanti epi deklare si Apatman an anba Estabilizasyon Lwaye, oswa nenpòt lòt restriksyon legal sou montan lwaye ke yo ka chaje legalman (tankou nan lojman Mitchell-Lama), lwaye ki prevwa nan Kontra Lwaye a ak Dokiman Sipleman tè Kontra Lwaye a p ap depase pri lwaye legal la. Mwen dakò sizoka pri lwaye a pi gwo pase pri lwaye legal la, yo dwe modifiye Kontra Lwaye a ak Dokiman Sipleman tè Kontra Lwaye a pou montre pri lwaye legal la san mwenmenm oswa Lokatè nan Pwogram lan pa fè okenn lòt aksyon, epi Vil la dwe bese Peman Lwaye LINC lan yon fason pou tout pri lwaye ki dwe peye a pa depase pri lwaye legal la. Mwen dakò tou Vil la ka dedui (retire) nan nenpòt Peman Lwaye LINC yo dwe mwen, oswa ke yo vin dwe mwen, nenpòt peman yo fè ki depase pri lwaye legal la.
8. Mwen konprann si Lokatè nan Pwogram lan anile Kontra Lwaye a paske mwen te fè gwo vyolasyon Kontra Lwaye a oswa Dokiman Sipleman tè Kontra a, oswa si li jwenn yon jijman lajan kont mwen ki òdone pou mwen remèt nenpòt peman oswa lòt konsiderasyon peman mwen te resevwa pou Apatman an, Vil la dwe gen dwa pou rekipere nenpòt peman depo garanti ak/oswa Peman lwaye LINC yo te fè mwen davans, ak pou entèdi mwen kontinye patisipe nan nenpòt pwogram asistans Vil la pou lwaye.
9. Mwen konprann mwen dwe notifiye Vil la imedyatman alekri si gen chanjman nan moun ki bay kontra lwaye a (bayè), pwopriyete pwopriyete ki konsène a, oswa konpayi jeran pou pwopriyete a; pou fè sa m ap ekri LINC Rental Assistance Programs, 150 Greenwich Street, 36th Floor, New York, NY 10007.
10. Mwen rekonèt mwen dwe retounen bay Vil la imedyatman nenpòt peman depase, oswa nenpòt lajan yo te peye pa erè oswa yo te fè akòz enfòmasyon mwen soumèt ki pa kòrèk, ki fo oswa ki pa konplè ki gen rapò avèk Pwogram LINC la oswa akòz mwen pa respekte obligasyon mwen dapre Pwotokòl Akò Pwopriyete sa a. San pa gen limit sou okenn rekou Vil la genyen, mwen konprann tou nenpòt peman anplis Vil la fè pou lwaye, yo ka fè rekouvremant peman sa yo nan Peman Lwaye LINC annapre yo ki sou non Lokatè nan Pwogram lan ke yo ta fè nòmalman.
11. Mwen rekonèt si chèk lwaye yo pa chanje yo vin pa valab, se responsablite mwen pou reponn a nenpòt egzijans Vil New York la pou bay nouvo chèk.
12. Mwen pral kopere konplètman avèk Vil la avèk administrasyon l pou Pwogram LINC la.
13. Mwen rekonèt Vil New York ap egzekite Pwogram LINC la pou yo kapab bay èd pou moun ki kalifye, tankou èd nan lwaye pou kantite lajan ki endike yo, men, Pwogram nan depann de kredi pou finansman epi si gen finansman ki disponib. Answit, mwen rekonèt Vil la p ap bay okenn kalite garanti peman pou okenn moun oswa enstitisyon epi yo p ap fè okenn kontra oswa kontra lwaye avèk mwen, Lokatè nan Pwogram lan, oswa nenpòt lòt moun oswa enstitisyon anrapò avèk Pwogram nan, ni yo p ap fè okenn pwomès nonplis.

### ***Siyati Obligatwa***

Mwen te li epi konprann obligasyon mwen dapre Pwotokòl Akò Pwopriyete sa a.

---

**Dat la**

---

**Siyati Pwopriyete**

PRÈV A POU PWOTOKÒL AKÒ PWOPRIYETÈ A  
DOKIMAN SIPLEMANTÈ KONTRA LWAYE ESTANDA

## **PWOGRAM LINC I, II, IV ak V** **DOKIMAN SIPLEMANTÈ KONTRA LWAYE APATMAN**

Dokiman Siplemanntè Kontra Lwaye Apatman ant \_\_\_\_\_ epi \_\_\_\_\_  
(Pwopriyetè a) (Lokatè nan Pwogram lan)

1. Pwopriyetè a ak Lokatè nan Pwogram lan dakò sizoka gen nenpòt konfli ant dispozisyon ki nan Dokiman Siplemanntè sa a ak kontra lwaye ALEKRI apatman an (“Kontra Lwaye” a), dispozisyon ki nan Dokiman Siplemanntè sa a ap gen priyorite. Akò kolateral ki gen rapò ak Kontra Lwaye a epi Dokiman Siplemanntè sa a p ap valab, yo p ap gen okenn efè legal sou Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanntè sa a epi yo pa kapab aplike sou plan legal.
2. Lokatè nan Pwogram lan dakò kòm patisipan nan Pwogram LINC (“Program lan”), Lokatè nan Pwogram lan bay Vil New York (“Vil la”) otorizasyon pou peye yon pòsyon nan lwaye pa mwa Lokatè nan Pwogram lan (sou kontribisyon lwaye mansyèl Lokatè nan Pwogram lan) dirèkteman ba Pwopriyetè a (“Peman Lwaye LINC”).
3. Pwopriyetè a rekonèt Peman Lwaye LINC la anba tout règleman ak kondisyon ki kapab aplike nan pwogram LINC la.
4. Si Pwopriyetè a fè gwo vyolasyon Kontra Lwaye a oswa Dokiman Siplemanntè sa a, gwo vyolasyon sa a ap yon motif pou Lokatè nan Pwogram lan anile Kontra Lwaye a.
5. Pwopriyetè a dakò li pa dwe mande, egzije, ni resevwa nan men Lokatè nan Pwogram lan okenn peman oswa lòt konsiderasyon peman, ni nan men nenpòt manm nan kay Lokatè nan Pwogram lan ni nan men nenpòt lòt sous piblik oswa prive, pou Inite Apatman Pwogram LINC la (“Apatman an”) ki depase sa ki otorize nan Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanntè sa a, malgre nenpòt akò alekri oswa aloral pou modifiye nenpòt dispozisyon ki nan Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanntè sa a. Yon vyolasyon paragraf senk (5) sa a ap konsidere kòm yon gwo vyolasyon Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanntè sa a. Pwopriyetè a rekonèt sizoka gen nenpòt vyolasyon dispozisyon sa a ki fèt, anplis tout rekou Lokatè nan Pwogram lan ka genyen, Vil la ap gen dwa pou entèdi Pwopriyetè a kontinye patisipe nan nenpòt pwogram Asistans Vil la pou lwaye. Rekou ki disponib pou Lokatè nan Pwogram lan ka gen ladan dwa pou fè rekouvremant domaj ak enterè, epi, si kontra lwaye a se pou yon apatman ak pri lwaye estabilize, Lokatè nan Pwogram lan ka gen dwa pou domaj ak enterè ki triple.
6. Si Lokatè nan Pwogram lan anile Kontra Lwaye a akòz Pwopriyetè a fè gwo vyolasyon Kontra Lwaye a oswa Dokiman Siplemanntè Kontra a, oswa si li jwenn yon jijman lajan kont Pwopriyetè a ki òdone pou Pwopriyetè a remèt peman oswa lòt konsiderasyon peman pou Apatman an ki depase kontribisyon Lokatè nan Pwogram lan pou pri lwaye mansyèl la, Vil la ap gen dwa pou rekipere nenpòt peman depo garanti ak/oswa Peman lwaye LINC yo te fè ba Pwopriyetè a davans, ak pou entèdi Pwopriyetè a kontinye patisipe nan nenpòt pwogram asistans Vil la pou lwaye.
7. Pwopriyetè a ap founi (a) chofaj dapre egzijans lalwa ak kondisyon Dokiman Siplemanntè sa a, ak (b) dlo cho ak dlo frèt pou twalèt (yo) ak pou lavabo kuizin pou Apatman an. Lokatè nan Pwogram lan ka sèvi ak dwa li yo dapre garanti pou abitye kay la ki nan kondisyon Kontra Lwaye a, Dokiman Siplemanntè sa a ak lwa ki aplike pou sa. Pwopriyetè a dakò se obligasyon Pwopriyetè a pou peye pou chofaj ak dlo cho, malgre nenpòt dispozisyon ki endike nan Kontra Lwaye a, epi malgre enstalasyon chofaj apa oswa inite dlo cho nan Apatman an. Si Pwopriyetè a pa peye depans pou chofaj ak dlo cho, y ap konsidere sa kòm yon gwo vyolasyon Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanntè sa a.

8. Pwopriyetè a deklare ke Pwopriyetè \_\_\_\_\_ te respekte oswa \_\_\_\_\_  
(mete inisyal si sa apwopriye) (mete inisyal si sa apwopriye)  
ap respekte dispozisyon ki aplikab nan Lwa Vil New York sou Prevansyon Anpwazònman Plon pou Timoun, Lwa Lokal Vil New York 1 nan ane 2004, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, egzekite egzijans woulman okipasyon obligatwa Kòd Administratif NYC 27-2056.8.  
\_\_\_\_\_. Pwopriyetè a dakò ke, sou demann Lokatè nan Pwogram lan, Pwopriyetè a  
(mete inisyal isit la)  
ap bay Lokatè nan Pwogram lan dokiman ki demontre Pwopriyetè a te egzekite egzijans woulman okipasyon ki endike anwo a (“dokiman woulman okipasyon”), pou Apatman an.
9. Lokatè nan Pwogram lan rekonèt li ka fè demann dokiman woulman okipasyon yo bòkote Pwopriyetè \_\_\_\_\_.  
(mete inisyal ou la)
10. Pwopriyetè a deklare ke Pwopriyetè \_\_\_\_\_ te bay oswa \_\_\_\_\_ pral bay  
(mete inisyal si sa apwopriye) (mete inisyal si sa apwopriye)  
Lokatè nan Pwogram lan (a) bwochi Kòd Administratif NYC 17-179(b) ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York prepare ki eksplike danje anrapò avèk penti abaz-plon, ak (b) rezilta alekri ankèt pou Apatman Lokatè nan Pwogram lan ke Kòd Administratif NYC 27-2056.4(a) egzije.
11. Pwopriyetè a deklare ke Pwopriyetè \_\_\_\_\_ te respekte oswa \_\_\_\_\_  
(mete inisyal si sa apwopriye) (mete inisyal si sa apwopriye)  
ap respekte dispozisyon ki aplikab nan Kòd 40 pou Règleman Federal Pati 745 ki gen ladan, men se pa sa sèlman, bay Lokatè nan Pwogram lan (a) yon bwochi enfòmasyon EPA apwouve sou danje penti abaz-plon, ak (b) nenpòt dosye oswa rapò Pwopriyetè a gen ki disponib ki konsène penti abaz-plon ak/oswa penti abaz-plon ak/oswa danje penti abaz-plon nan Apatman Lokatè nan Pwogram lan.
12. Pwopriyetè a afime ak deklare ke Pwopriyetè a pa gen mankman nan obligasyon Vil la ki gen ladan, men se pa sa sèlman, taks, evalyasyon, tarif dlo ak pri lokasyon egou, ki enpoze sou Pwopriyetè a oswa pwopriyete a oswa nenpòt pwopriyete Pwopriyetè a posede.
13. Pwopriyetè a afime yo pa te sezi pwopriyete kote apatman an ye a, e si gen nenpòt pwosedi sezi annatant, Pwopriyetè a te deklare zafè sa ba Vil la.
14. Peman Lwaye LINC la ak kontribisyon Lokatè nan Pwogram lan nan pri lwaye a dwe peye yon fwa pa mwa, aleksepsyon nenpòt pòsyon nan kontribisyon Lokatè nan Pwogram lan nan pri lwaye a ki garanti ak alokasyon Èd Piblik Lokatè nan Pwogram lan pouabri, ke Vil la ap peye dirèkteman ba Pwopriyetè a nan de vèsman pa mwa, si e toutotan Lokatè nan Pwogram lan andwa pou resevwa yon alokasyon pouabri. Pwopriyetè a pa oblije bay avi pou Lokatè nan Pwogram lan peye lwaye a, oswa pou Vil la fè yon Peman Lwaye LINC la. Lwaye a dwe peye ann antye san dediksyon. Yon pati pwopòsyonèl nan lwaye pou mwa nan moman an, tout pri lwaye pou premye mwa a (sòf si lokatè a gen yon kontribisyon), Peman Lwaye LINC yo pou twa pwochen mwa yo, yon kupon depo garanti ki egal a pri lwaye yon mwa, ak frè koutye (si sa aplikab) pral bay lè Kontra Lwaye a ak Dokiman Sipleman tè sa a siyen.
15. Pwopriyetè a deklare Apatman an (*tcheke youn*):
- anba egzijans Estabilizasyon Lwaye
  - pa anba egzijans Estabilizasyon Lwaye
  - anba lòt restriksyon legal sou montan pri lwaye yo dwe chaje

\_\_\_\_\_  
(mete inisyal ou la)

16. Pwopriyetè a deklare nimewo anrejistreman pou bilding nan Divizyon Eta New York pou Lojman ak Renouvèlman Kominotè (State of New York Division of Housing and Community Renewal, "DHCR") pou Apatman an se \_\_\_\_\_.
- \_\_\_\_\_.
- (mete inisyal ou la)
17. Si Apatman an anba egzijans Estabilizasyon Lwaye, Pwopriyetè a garanti ak deklare lwaye ki endike nan Kontra Lwaye a ak Dokiman Siplemanchè sa a pa depase pri lwaye estabilize legal la epi nimewo anrejistreman DHCR pou pwopriyete sa endike anwo a kòrèkteman.
18. Si Apatman an anba egzijans Estabilizasyon Lwaye, sof si Pwopriyetè a te deja fè sa, li dwe anrejistre pri lwaye ak sèvis Apatman an nan DHCR, Attn: Rent Registration Unit, nan trant (30) jou maksimòm apre lokasyon Apatman ki konsène a. Si yo lwe Apatman an apre li te anrejistre odepà, Pwopriyetè a dwe anrejistre lwaye ak sèvis yo nan DHCR nan moman depo anrejistreman anyèl la.
19. Si Apatman an anba egzijans Estabilizasyon Lwaye, "Dokiman Siplemanchè Estabilizasyon Lwaye pou Lokatè Apatman nan Vil New York" enkòpore nan dokiman sa kòm referans epi li fè pati Kontra Lwaye a.
20. Pwopriyetè a garanti e deklare ke Apatman # \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_ lwe ba Lokatè nan Pwogram lan nan yon montan pri lwaye mansyèl total maksimòm \_\_\_\_\_, jan li presize nan Kontra Lwaye a nan \_\_\_\_\_ dirèkteman anvan Lokatè nan Pwogram lan abite Apatman an.
21. Lokatè nan Pwogram lan ak Pwopriyetè a rekonèt Vil New York ap egzekite Pwogram LINC la pou yo kapab bay èd pou moun ki kalifye, tankou èd nan lwaye pou kantite lajan ki endike yo, men, Pwogram nan depann de kredi pou finansman epi si gen finansman ki disponib. Answit, Lokatè nan Pwogram lan ak Pwopriyetè a rekonèt Vil la p ap bay okenn kalite garanti peman pou okenn moun oswa enstitisyon epi yo p ap fè okenn kontra oswa kontra lwaye avèk Pwopriyetè a, Lokatè nan Pwogram lan, oswa nenpòt lòt moun oswa enstitisyon anrapò avèk Pwogram nan, ni yo p ap fè okenn pwomès nonplis.
22. Si Lokatè nan Pwogram lan kite Apatman an ak/oswa si yo kòmanse nenpòt pwosè lajistis k ap afekte lokasyon oswa Dokiman Siplemanchè Kontra Lwaye Pwogram LINC lan, Pwopriyetè a dwe bay avi alekri sou pwosè lajistis la nan senk (5) jou ouvrab oplita depi evènman sa (sa yo) te rive. Yo dwe voye avi alekri a pou evènman sa (sa yo) nan:

**LINC Rental Assistance Program**  
**150 Greenwich Street, 36th Floor**  
**New York, NY 10007**

**PWOPRIYETÈ**

**LOKATÈ NAN PWOGRAM**

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Non an ak Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Non an ak Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Dat la

\_\_\_\_\_  
Dat la